

Gid pou Patisipasyon Fanmi

Gid sila a fèt pou fanmi ak moun k ap bay swen yo pou ede fasilite aprantisaj adomisil ak bay sipò pou ni devlopman akademik ni devlopman sosyo-emosyonèl pou etidyan yo. Anndan gid la w ap jwenn yon glosè tèm, modil pou etabli orè nan kay ou ak lis verifikasyon pou w rete ajou ak aprantisaj *virtual* k ap kontinye chanje a.

Sa ki ladann

1. [Glosè Tèm yo](#)
2. [Modil pou Orè nan Kay la](#)
3. [Lis Verifikasyon pou Aprantisaj Sosyo Emosyonèl](#)
4. [Lis Verifikasyon pou Ansèyman ak Aprantisaj](#)
5. [Lis Verifikasyon pou Teknoloji](#)

Glosè Tèm yo

APRANTISAJ ADISTANS		
Tèm yo	Ki kote w ka wè tèm sa a?	Definisyon:
Aim or Objective	Nan plan leson lekòl la yo oswa sou entènèt	<i>Aims</i> (Bi) oswa <i>objectives</i> (objektif yo) se sa pwofesè yo (ak apranti yo) vle atenn nan yon leson oswa nan yon kou. Ou ka konsidere li tankou destinasyon an -- kote elèv yo dwe rive lè yo abouti nan fen an. <i>Aim yon leson</i> kapab pou apranti yo ka rive ekri deklarasyon tèz la pou yon redaksyon oswa pou yo ka rezoud yon kalite ekwasyon byen presi nan klas matematik la.
Assessment	Resous oswa leson pwofesè a	Yon <i>assessment</i> (evalyasyon) se nempòt aktivite, kwiz, redaksyon oswa diskisyon ki ede pwofesè a konprann kijan elèv yo ap pwogrese ak kisa yo konnen oubyen kisa yo poko konnen sou sijè a.
Asynchronous	Kominikasyon sou enstriksyon.	Kote elèv yo kapab aprann nan pwòp orè yo, nan pwòp espas yo. Elèv yo resewva materyèl sou fòm lekti, videyo, sitwèb. Patisipan yo konplete travay yo nan pwòp orè pa yo. Elèv yo kapab soumèt travay nan imèl oswa <i>Google Classroom</i> anvan dat limit la.
Blended	Kominikasyon sou enstriksyon	Kote ansèyman ak aprantisaj la konbine aspè enstriksyon <i>synchronous</i> (senkwonize) ak <i>asynchronous</i> (asenkwonize). Videyo oswa lekti yo fèt pou yo konplete anvan entèraksyon an dirèk sou entènèt la. Diskisyon <i>synchronous</i> oswa prezantasyon sou materyèl. Kominikasyon atravè tchat ki modere oswa sesyon kesyon ak repons sou materyèl yo te revwa anvan sa.
Charter Email	Soumisyon travay, kominikasyon ak lekòl la	Adrès elektwonik lekòl la bay elèv la. Lekòl yo pral itilize li tankou mwayen kominikasyon prensipal avèk elèv yo epi elèv yo dwe soumèt travay yo atravè imèl sa a. Si elèv yo gen pwoblèm pou yo jwenn charter email yo a, yo fèt pou yo kontakte lekòl la tousuit.
E-learning	Resous oswa leson pwofesè a	Aprantisaj sou entènèt ak sou teknoloji enfòmatrik
Literacy	Kominikasyon sou enstriksyon	Lè yo mande elèv yo li, ekri, pale oswa tandè parapò ak tèks oswa medya nan plizyè domèn diferan.

Office hours	Kominikasyon pwofesè a voye oswa pandan yon leson adistans.	Tan lè pwofesè yo ak anplwaye yo disponib pou kominike epi diskite sou pwogrè oswa enkyetid yo
On Task	Kominikasyon pwofesè a voye oswa pandan yon leson adistans.	Konpòtman <i>on-task</i> (sou tach) -se konpòtman yo defini tankou lè elèv la ap patisipe aktivman oswa pasivman nan enstriksyon oswa travay yo bay fè a ak lè pa gen konpòtman <i>off-task</i> (pa sou tach) pandan entèval obsèvasyon an.
Online Platform	Kominikasyon lekòl la oswa pwofesè yo voye	Yon aplikasyon oswa sitwèb ki aksesib sou entènèt la (pa egzanp: <i>Google Classroom, Zoom, Google Meet</i>)
Online learning	Resous oswa leson pwofesè a	Aprantisaj sou entènèt ak sou teknoloji enfòmasyon
Post	Kominikasyon lekòl la oswa pwofesè yo voye	Piblikasyon yon bagay sou yon platfòm sou entènèt la tankou <i>Google Classroom, Facebook, oswa Instagram</i>
Stream	<i>Google Classroom</i>	<i>Stream</i> lan genyen tout mesaj yo nan lòd kwonolojik soti nan pi resan yo rive nan pi ansyen yo
Synchronous	Kominikasyon sou enstriksyon.	Lè ansèyman ak aprantisaj la fèt an tan reyèl. Patisipan yo patisipe an dirèk a yon lè byen presi. Yo prezante materyèl yo an tan reyèl sou ekran yo pataje, sou videyo, oswa sou dyapozitif prezantasyon. Yo pèmèt anrejistreman sesyon yo pou yo kapab gade yo pi devan.
Upload		Fason yo pataje yon fichye nan yon aparèy ak yon lòt moun.
Virtual		Yo itilize adjektif <i>virtual</i> la pou dekri yon bagay ki egziste defason fondamantal, men pa defason reyèl. Ou ka te fè yon zanmi <i>virtual</i> sou yon sit pou jwèt sou entènèt, men pa atann ou aske moun sa a ta vin rankontre w pou n al pran yon kafe.

PLATFÒM SOU ENTÈNÈT YO

Tèm yo	Ki kote w ka wè tèm sa a?	Definisyon:
Download	Kominikasyon lekòl la oswa pwofesè yo voye	Fason yon fichye ki sou yon lòt platfòm sou entènèt la oswa ki sou yon òdinatè rive sou aparèy pèsonèl ou
Google classroom	Resous oswa leson pwofesè a	Objektif prensipal <i>Google Classroom</i> nan se pou l inifòmize pwosesis pataj fichye a ant pwofesè yo ak elèv yo.
Google Drive	Resous oswa leson pwofesè a	Se la elèv yo kapab kreye ak jwenn dokiman ak devwa yo. Fichye yo sofgade ak konsève otomatikman la a dèke yo kreye yon dokiman. Elèv yo kapab òganize <i>Google Drive</i> yo pou yo jwenn fichye yo fasilman lè yo kreye katab pou chak sijè epi lè yo bay chak dokiman yon non ki se non devwa a.

		Elèv yo kapab aksede <i>Google Drive</i> yo lè yo ale sou sit <i>drive.google.com</i> .
PowerSchool	Kominikasyon lekòl la voye	<i>PowerSchool</i> se kote orè, prezans ak nòt yon elèv ye.
Zoom	Resous lekòl la bay pou elèv/fanmi yo - yo ka fè rankont klas yo kounyeya sou <i>Zoom</i>	<i>Zoom</i> se yon sèvis sou entènèt ke w ka itilize pou w rankontre ak lòt moun sou entènèt la - swa nan videyo oswa sou odyo sèlman oswa sou toude, tout sa pandan w ap kominike atravè tchat an dirèk - e l kite w anrejistre sesyon yo pou w ka gade yo apre.

APRANTISAJ SOSYO-EMOSYONÈL

Tèm yo	Ki kote w ka wè tèm sa a?	Definisyon:
Advisor	Kontwòl Pwofesè/Anplwaye yo avèk elèv yo	Adilt ki nan yon batisman lekòl ke lekòl la deziyen kòm sipò prensipal pandan ane eskolè a. Anjeneral se li ki fè kontwòl avèk elèv la sou kijan l ap pwogrese oubyen kijan l santi l
Advisory	Kontwòl Pwofesè/Anplwaye yo avèk elèv yo	Yon lè byen presi pandan jounen an kote yon gwoup elèv ak <i>advisor</i> yo rankontre pou yo diskite sou sijè sosyal ak emosyonèl elèv yo ap viv, ak/oswa lè yo fè yon kontwòl pou wè kijan yo ye.
SEL	Resous konseye ak pwofesè yo	<i>SEL</i> se akwonim pou Aprantisaj Sosyal ak Emosyonèl (nan lang Anglè), ke yo konnen nan lang kouran an kòm "konpetans jeneral". Sa gen ladann lè elèv yo ap aprann osijè emosyon yo, aptitud relasyonèl yo, ak kapasite adaptasyon yo
YtD	Dokiman sou prezans yo	<i>YtD</i> vle di <i>Year to Date</i> (Jiska Dat), ki vle di depi premye jou elèv la prezante lekòl la ane sa a.

Kreye Pwòp Orè ou

Modèl Orè pou Elèv/Moun K ap Bay Swen	
8:00 am - 9:00 am	Reveye Manje Abiye epi pare
9:00 am - 3:00 pm	Orè lekòl Fè ansòt tout moun pran ti poz detanzantan
3:30 pm - 4:30 pm	Tan lib Mouvman/Egzèsis Ti goute
4:30 pm - 6:30 pm	Preparasyon Dine Netwayaj / Mete Lòd Dine
7:00 pm - 8:00 pm	Travay lekòl Fè kontwòl pou jounen an/Kreye yon orè pou landemen Lè trankilite /lè detant
8:00 pm - 10:00pm	Lè pou gade fim Dewoulma n travay Lè dòmi

Modèl Orè pou Kay ki gen Plizyè Elèv/Aparèy Limite

	Elèv A	Elèv B
8:00 am - 9:00 am	Manje maten ak revizyon orè ak teknoloji ki nesèsè pou jounen an	Manje maten ak revizyon orè ak teknoloji ki nesèsè pou jounen an
9:00 am - 11:00 am	Lè pou Devwa sou Òdinatè	Travay sou tach ak devwa ki pa bezwen òdinatè (liv/pake/telefòn)
11:00 am - 1:00pm	Travay sou tach ak devwa ki pa bezwen òdinatè (liv/pake/telefòn)	Lè pou Devwa sou Òdinatè
1:00 pm - 2:00 pm	Manje midi & Tan Lib	Manje midi & Tan Lib
2:00 pm - 3:00 pm	Tan anplis sou òdinatè si sa nesèsè	Travay sou tach ak devwa ki pa bezwen òdinatè (liv/pake/telefòn)
3:00 pm - 4:00 pm	Travay sou tach ak devwa ki pa bezwen òdinatè (liv/pake/telefòn)	Tan anplis sou òdinatè si sa nesèsè
5:00 pm - 8:00 pm	Dine/Aktivite Fizik/Detant	Dine/Aktivite Fizik/Detant
8:00 pm - 11:00pm	Devwa Mezon/ pwojè kreyatif/benyen/kab ann	Devwa Mezon/ pwojè kreyatif/benyen/kab ann

Ranpli Pwòp Orè w

Kalandriye _____

LÈ	AKTIVITE
7:00 am - 7:30 am	
7:30 am - 8:30 am	
8:30 am - 9:00 am	
9:00 am - 10:00 am	
10:00 am - 12:00 pm	
12:00 pm - 1:00 pm	
1:00 pm - 3:30 pm	
3:30 pm - 5:30 pm	
5:30 pm - 6:30 pm	
6:30 pm - 8:00 pm	
8:00 pm - 10:00 pm	

Gen egzanp aktivite yo nan pwochen paj la! →

Sigjesyon pou Tan Lib & Aktivite Detant:

Jwèt avèk frè ak sè	Jwe jwèt videyo/jwèt sou entènèt/jwèt sosyete	Li yon nouvo liv/atik
Anseye frè ak sè/responsab legal yo yon nouvo bagay	Kominike sou <i>Facetime</i> ak zanmi	Konekte sou lè biwo yo ak pwofesè Redaksyon sou Sante (Health Writing)/ <i>ELA</i> / Global/Matematik/Syans
Konplete 2 devwa <i>Google Classroom</i>	Konplete yon lòt 2 devwa <i>Google Classroom</i>	Egzèsis
Fè Meditasyon/Aktivite Atantif	Jounal	Gade Televizyon
Koute pòdkas	Pwojè atistik	Tande mizik

Lis Verifikasyon pou Aprantisaj Sosyo Emosyonèl

Fason pou w rekonèt bòn sante nan pitit ou	
Fè ansòt y ap suiv yon abitud somèy regilye - chak timoun diferan e se ou ki konnen pi byen sa abitud somèy yo sanble.	[]
Kontinye veye sa elèv yo apmanje; fè ansòt y ap manje repa ki byen balanse.	[]
Fè yo pran kontak ak zanmi yo ak fanmi yo regilyèman.	[]
Si yo gen konpòtman ki enprevizib oswa ki pa nòmal ki manifeste pi souvan, pale ak pitit ou a sou kijan l santi l.	[]
Chèche siy avètisman pou depresyon oswa anksyete: li dòmi plis pase dabitid, li gen abitud manje ki pa regilye, li vin dekonekte de zanmi li. Si li vin gen abitud sa yo pale ak pitit ou epi konsilte doktè w pou pwochen etap yo.	[]

Fason pou w bay pitit ou sipò nan moman sa a	
Kenbe konsistans leplis posib: itilize yon orè pou fanmi an kote tout moun bay opinyon yo	[]
Kontinye tradisyon ak evènman famiyal yo	[]
Pwograme tan byen presi pou fanmi an oswa tan pou bay sipò	[]
Fè konvèsasyon avèk pitit ou yo sou sa k ap pase a e sou kijan yo santi yo	[]
Bay elèv yo yon tan pou yo kanpe sou travay lekòl la ak tan devan ekran an	[]
Rete enfòmè, men pa plen tèt fanmi w ak move nouvèl oubyen nouvèl ki tris	[]

Fason pou sipòte ak mentni tèt ou antanke moun k ap bay swen

Kite tan pou moman anksyete ak tristès. Kite moun nan kay ou, tèt ou ladan l tou, ekspriye dout, tristès, ensekirite yo. Pa gen pyès moun ki gen tout repons yo.	[]
Bay tan pou moman selebrasyon ak kè kontan. Sonje anivèsè nesans yo, anivèsè yo, nenpòt bagay sou kalandriye a ki pote yon moman soulajman ak konfò.	[]
Bay tan pou silans ak trankilite nan kay la. Kèlkeswa si se yon pratik leswa oswa yon bagay yo ka jere lajounen, bay tan pou moun deploge nan fè lekti an silans, koute mizik ak ekoutè, oubyen yon senp detant	[]
Konekte ak lòt fanmi/moun k ap bay swen ki ap jere ni travay, ni kay, ni lekòl, ni timoun. Rantre an kontak avèk òganizasyon lokal yo, legliz yo, oubyen menm lekòl pitit ou a pou w konekte ak lòt adilt.	[]

Lis Verifikasyon pou Ansèyman & Aprantisaj

Fason pou ankouraje aprantisaj

Fè kòmantè pozitif pou jèn moun ou an lè l akonpli travay li! Rekonèt sa l rive konplete a.	[]
Ankouraje jèn moun ou an pou l defann tèt li si li pa konprann yon bagay oubyen si l bezwen sipò	[]
Si sa posib, chita ak jèn moun ou an pou w revwa omwen yon devwa chak jou -- fè l montre w travay li fè e poze kesyon sou li. Menm 10 minit ap ede !!	[]
Mete distans ant timoun yo pou yo pa deranje travay endividyèl yo, e jwenn tan pou yo pase ansanm	[]
Ede jèn moun yo konprann ke PA GEN PWOBLEM e li nesèsè pou yo pran poz, men ke yo ta dwe mete yon kwonòmèt oubyen se pou yo veye lè poz yo ak lè pou yo al travay. (Pa egzanp, yo ka pran poz pou danse yon mizik yo renmen anpil pandan 3 minit, apresya yo ka tounen al travay.)	[]
Ede jèn moun yo jwenn yon espas oubyen plas byen presi, ki trankil pou yo travay toulejou.	[]
Se pou yo kenbe kontak ak pwofesè yo, swa pou yo mande sipò, pou yo mande sou kisa y ap travay, oubyen kisa oumenm antanke paran kapab fè	[]

Kijan pou w bay pwofesè yo sipò

Echanje enfòmasyon kontak (imèl, tèks) pou fè suivi sou nenpòt kesyon w genyen	[]
Detèmine yon lè nou dakò pou n pran kontak ak pwofesè a nan telefòn, atravè <i>Zoom, Google Hangouts</i> lè sa nesèsè	[]
Fè kòmantè bay pwofesè sou sa k ap mache ak sa ki p ap mache pou jèn moun ou an, ak kisa w bezwen pou w ba l sipò, men amwens kòmantè a gen ijans, rasanble yo pandan semèn nan epi soumèt ide w yo apeprè yon fwa pa semèn konsa	[]
Pou w respekte tan pwofesè a kominike alavans si w pa kapab patisipe oubyen si w gen pou w repwograme yon rankont ki deja planifye. Li ta bon tou pou w pwograme rankont yo e pou w pa sipoze ke pwofesè yo kapab toujis reponn tousuit.	[]
Si gen yon sesyon an dirèk ki pwograme ak pwofesè a, bay timoun sa a espas ki pi silanye a oubyen ekoutè pou l kapab patisipe	[]
Ede jèn moun yo jwenn yon espas oubyen plas byen presi, ki trankil pou yo travay toulejou.	[]
Se pou yo kenbe kontak ak pwofesè yo, swa pou yo mande sipò, pou yo mande sou kisa y ap travay, oubyen kisa oumenm antanke paran kapab fè	[]

Lis Verifikasyon pou Teknoloji

Google & Google Classroom	
Revwa <i>Stream</i> pou w konnen devwa yo dapre dat yo	[]
Elèv la sonje modpas la	[]
Kapab aksede <i>Google Classroom</i> pou chak seksyon	[]
Itilize <i>Google Calendar</i> pou pwograme orè kou yo epi konekte sou sesyon <i>Zoom</i> yo	[]
Sit makpaj yo	[]

ZOOM	
<i>Download</i> aplikasyon an sou telefòn nan	[]
<i>Download</i> kliyan an sou laptòp la	[]
Ajoute yon ekstansyon <i>Chrome</i>	[]
Tcheke odyo ak videyo yo anvan nenpòt sesyon an dirèk	[]

Laptop	
Reyinisyalize/redemare chak jou	[]
Chaje l chak jou	[]
Itilize ekoutè pandan sesyon <i>Zoom</i> yo	[]



Nòt



Nòt

—